


Sekirite nan Dlo

Ijans



Ak ki sa nwaye sanble?

Yon moun gendwa ap nwaye si y ap fè fas ak rivaj la, mouvman an plas nan dlo a, ap fòse respire, panike, souke bra yo, goumen pou rele mande èd, vin rete an san bouje, eseye pou vire sou do yo, oswa si yo gen bouch yo nan nivo dlo a. Si gen yon moun ki manke, verifye nan dlo a!

Si gen yon moun k ap nwaye, rele 911. Si w kapab, yon fason ki san danje, voye yon materyèl ki kapab flote, oswa yon lòt bagay pou pèmèt ou atenn sa w vle a. Yonfwa moun nan sou tè sèk, kòmanse pwosesis Resisite Kè ak Poumon (CPR). Itilize yon defibrilatè otomatik ekstèn (AED) si genyen ki disponib.



Konsèy Jeneral

- Kontinye naje kote w konnen w kapab jere sa san danje. Naje nan andwa ki gen sovètè 'sa vle di moun ki konn naje kap veye moun sou plaj la' lè sa posib.
- Toujou mete yon adilt siveye nenpòt timoun k ap naje. Adilt yo sipoze veye timoun yo san okenn distraksyon tankou fè lekti, ekri mesaj, pale nan telefòn, oswa bwè alkòl.
- Pa plonje oswa sote nan dlo ki mwens pase 12 pye pwofondè, kit se yon basen dlo natirèl kit se yon pisin. Si w fè sa, li kapab lakoz ou blese epi nwaye.
- Toujou naje avèk yon zanmi. Zanmi natasyon yo ta dwe anpeche youn lòt ale lwen poukont yo.
- Raple tout moun pou yo mache, pa kouri, bò pisin yo. Pa fè jwèt brital bò yon pisin, tankou leve, tranpe, ak voye youn lòt nan dlo. Yon moun kapab blese.
- Prete atansyon ak kondisyon meteyolojik yo tankou tanpèt. Si w tande loray oswa w wè zèklè, soti nan dlo a tousuit.
- Fè yon lis kontwòl sou letan, lak, ak pisin ki toupre yo pou chèche si yon timoun ale lwen.



Jilè sovtaj (rad pèsònèl pou flote)

Yon jilè sovtaj oswa rad pèsònèl pou flote (PFD) ede w rete ap flote nan dlo a. Timoun piti ak sa ki pa twò konn naje ta dwe mete yon jilè sovtaj nan tout basen dlo. Tout moun ta dwe toujou mete yon jilè sovtaj lè yo nan yon bato, kayak, bwa fouye, oswa sou planch. Asire w jilè sovtaj ou a jwenn apwobasyon Gad Kot Etazini an.



Naje nan lak, rivyè, ak oseyan an

Fè atansyon ak andwa kote dlo a ap koule sanzatann oswa vin pi pwofon. Si yon kouran pran w, eseye naje yon fason paralèl ak rivaj la jiskaske kouran an vin pi fèb.

Lè w ap antre nan dlo a, fè sa dousman, sa ki pèmèt kò w ajiste l ak tanperati a. Chèche siyal avètisman konsènan kalite dlo a. Si w pa sèten dlo a san danje, pa antre nan dlo a.

Moun ki gen andikap, san wete otis, ak lòt kondisyon medikal

Pran prekosyon siplemantè bò dlo si ou menm oswa yon manm nan fanmi an gen kondisyon ki kapab ogmante risk pou moun nwaye, tankou kondisyon kè oswa andikap nechèl otis (ASD). Pa egzanp, panse a pran kou natasyon nan rad ak bagay pye ki mouye pou timoun ki gen ASD ki gen tandans ale lwen epi kreye yon plan sipèvizyon an fanmi.